



THE CITY OF NEW YORK

Office of School Health

Michael R. Bloomberg
Mayor

Joel I. Klein
Chancellor
Department of Education

Thomas R. Frieden, M.D., M.P.H.
Commissioner
Department of Health
and Mental
Hygiene

Dat : _____

Chè Paran oswa Responsab :

N ap prese fè w konnen ke nou jwenn pou nan tèt pitit ou a. Anjeneral, konn gen pou nan tèt elèv. Lè yon timoun gen pou nan tèt li, sa pa vle di li pa pwòp, epi nenpòt moun ka genyen pou. Pou pa bay enfeksyon, ni yo pa reprezante yon danje pou sante moun.

W ap jwenn ak lèt sa a “Enfòmasyon osijè Pou nan tèt” ak “Konsèy pou fanmi sou fason pou elimine pou nan tèt” pou ede w trete pitit ou a byen vit.

Lekòl nan vil Nouyòk gen règleman “San Pou nan tèt” ki vle di ke

- Tout elèv ki gen pou vivan nan tèt yo pa gen dwa vin lekòl pazavan yo trete yo.
- Apre tretman an, y ap otorize yon timoun retounen lekòl **sèlman** si cheve l pa gen pou ankò. Yon moun Direktè a deziyen, ap tounen kontwole tèt elèv yo lè yo retounen lekòl.
- Moun Direktè a deziyen an ap gen pou tounen kontwole tèt elèv ki vin pa gen pou ankò yo nan 14 jou kalandriye (oswa lè 14yèm jou a tonbe nan wikenn oswa yon jou konje, jou lekòl ki pi pre 14yèm jou a).
- Y ap tounen ranvwaye elèv yo jwenn ki gen pou nan tèt yo lè yo tounen kontwole tèt yo jiskaske yo pa gen pou ankò.

Òganizasyon nasyonal tankou *American Academy of Pediatrics*, *American Public Health Association* ak *National Association of School Nurses* andose règleman “San Pou nan tèt”. Sistèm eskolè nan tout peyi a adopte avèk siksè menm règleman sa yo.

N ap rekòmande w verifye tèt tout manm nan kay ou pou wè si yo pa gen pou, pou w sa trete yo si sa nesèsè. N ap rekòmande w tou pou w raple pitit ou a pou l pa sèvi avèk bagay pèsònèl lòt elèv, tankou bwòs, peny oswa chapo.

Si w gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte doktè w oswa enfimyè lekòl la nan _____.